**Әжинияз атындағы НМПИ 2022-жыл ушын 13.00.01 – Педагогика теориясы. Педагогикалық тәлийматлар тарийхы қәнигелиги бойынша еркин-изленийўшиликке қабыллаў комиссиясы мәжилисиниң**

**№ 1 ПРОТОКОЛЫ**

**Нөкис қаласы.** 12-ноябрь 2021 жыл

*Қатнасқанлар: НМПИ Илимий-изертлеўлер, инновациялар ҳәм илимий педагог кадрлар таярлаў бөлими баслығы: А.Алламуратов, комиссия баслығы п.и.д., доцент, Т.Утебаев, комиссия ағзасы п.и.к., доцент Қ.Сейтмуратов ҳәм талабан Н.Реймова.*

**Кун тәртибинде:**

1. Нокис мәмлекетлик педагогика институтына 2022-жыл ушын 13.00.01 – Педагогика теориясы. Педагогикалық тәлийматлар тарийхы қәнигелиги бойынша еркин-изленийўшиликке өз хужжетлерен тапсырған талабан Н.Реймованы еркин-изленийўшиликке қабыллаў.

**Билдириў:** НМПИ Илимий-изертлеўлер, инновациялар ҳәм илимий педагог кадрлар таярлаў бөлими баслығы: А.Алламуратов 2022-жыл ушын 13.00.01 – Педагогика теориясы. Педагогикалық тәлийматлар тарийхы қәнигелиги бойынша еркин-изленийўшиликке хужжетлерен тапсырған талабан Н.Реймова менен «Сәўбет» тийкарында таңлаў өткерилиўи атап өтилди. Бул бойынша таңлаўға бекитилген комиссия ағзаларынан: комиссия баслығы п.и.д., доцент, Т.Утебаев таңлаўда қатнасып атырғанлығын мәлим етти. Комиссия ағзаларына доретиўшилик қабилийетине ийе, илимли ҳәм ылайықлы талабанды таңлап алатуғынлығына исеним билдирди.

**Шығып сөйледи:** Комиссия баслығы п.и.д., доцент, Т.Утебаев таңлаўға қатнасып атырған талабанларға сәўбетлесиў қағыйдалары ҳәм тәртиплери ҳаққында мағлыўмат берди ҳәм әўметлер тиледи. Соңынан Т.Утебаев педагогика пәниниң актуал есапланатуғын томендеги тематыкалық маселелер ҳәм дөретиўшилик ислери бойынша сәўбетлесиўди усыныс етти.

1. Сизиң илимий жумысты алып барыўыңыздағы мақсетиңиз не?
2. Педагогика илиминдеги ҳәзирги ўақыттағы өзгерислерден хабарыңыз барма?
3. Ҳәзирги ўақытта Өзбекстан республикасында педагогика илими бойынша ўшырасатуғын қандай машқалаларды билесиз ?

4. Илимий темаңызды таңлаған илимий жумысы темасының актуаллығы, машқалалары ҳәм илимдеги әҳмийети нелерден ибарат?
5. Илимий темасы бойынша пәнге киргизетуғын келешектеги режелериңиз қандай?

Талабанларға таярланыў ушын 20 минут ўақыт берилди. Соңынан комиссия баслығы п.и.д., доцент, Т.Утебаев, комиссия ағзасы п.и.к., доцент Қ.Сейтмуратов тәрепинен талабан Н.Реймова менен жеке таризде сәўбетлесиў алып барылды ҳәм қосымша саўаллар берилди ҳәм жуўаплар алынды. Буннан соң комиссия қурамы өзлериниң жуўмақлаўшы пикирлерин бирдирди.

Күн тәртибиндеги мәселе бойынша билдириў ҳәм шығып сөйлеўлерден соң комиссия қурамы

**Қарар етеди:**

1. Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты еркин-излениўшиликке 13.00.01 – Педагогика теориясы. Педагогикалық тәлийматлар тарийхы қәнигелиги бойынша еркин-излениўшиликке өз ҳүжжетлерин тапсырған талабан Н.Реймова сәўбетлесиў барысында өзиниң теориялық илиминиң ҳәм илимий-дөретиўшилик қәбилетиниң жоқарылығын көрсеткенлиги атап өтилсин;
2. НМПИ Илимий бөлимнен талабан сәўбетлесиўди өткерген комиссия қурамы тәрепинен талабан Н.Реймованы 13.00.01 – Педагогика теориясы. Педагогикалық тәлийматлар тарийхы қәнигелиги бойынша еркин-излениўшиликке қабылаў усыныс етилсин;
3. НМПИ Илимий бөлиминен бул усыныстың орынланыўы бойынша қарар қабыл етиўи соралсын.

**Комиссия баслығы:** **п.и.д., доцент, Т.Утебаев**

**Хаткер:** **п.и.к., доцент С.Сайтбекова**

